sun lilani padha wus kapareng mundur
jru tenung wus samya medal
sang nata kantun akingkin.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

III. ASMARADANA

1. Raosing driya sayekti
   sepi kinarya upama
   saking geng rudah galihe
   wekasan maca udrasa
   kararanta tyasira
   sinalamur datan lipur
   kalimput pepet ing cipta.

2. Pangudasmaraning galih
   adhuh lae apa bisa
   ngilangken sumelang kiye
   kayaktene raganingwang
   tan mantra adarbeya
   tega mring garwa putrengsun
   lawan punggawengsun samya.

3. Awit wus padha nglabuhi
   karya arjaning nagara
   tentreming karaton kabeh
   dhuh Suksma Kang Mahanasa
   Tuwan kawasa nulak
   rubeda riribed ulun
   Tuwan datan kikilapan.

4. Mring titah Tuwan pra janmi
   dhuh sampun ngantos astamba
   akuthah rudira mangke
   tan mangga ulun darbeya
   cipta kang murang tata
   tarlen ngemungna wak ulun
   sirna praptaning antaka.

5. Ulun sru welas ningali
   marang para titah Tuwan
   kang temen tumemen tyase
   mangkana Sri Naranata

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang waspa darodosan
wadana sulak mawelu
melok ameluk sumelang.

6. Sanityasa pinrihatin
tetering tyas wus kacihna
lamun tan limpad kawruhe
ing reh raharjaning janma
marmanira pitaya
isarat ngalamatipun
impen ujar panggorohan.

7. Mangka ta sagung ngaurip
winisesa ing Hyang Suksma
tan kawasa nandukake
pitutur kang samar-samar
begja cilakanira
atas karsaning Hyang Agung
janma tan kawasa karya.

8. Kang aran mulyaning urip
yen sembada sedyanira
jinurungan sakarsane
sirna was-wasing wardaya
melang-melange ilang
awet awake sempulur
lara tan arsa tumama.

9. Marma gung urip puniki
luput yen tan ambudiya
tri prakara karanane
srana cagaking ngagesang
katrinira winahya
kang dhingin kawiryanipun
kaping dwi darbeya arta.

10. Kaping telune winasis
yen tan antuk salah juga

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lir godhong jati ajine
kadya Sang Prabu Subrata
asugi h arta wirya
nging tan kadunungan ngelmu
marmane atidha-tidha.

11. Tedhas mring panggawe sisip
sepi marang kawaskithan
kidhung sapari polahe
mangkana Sri Naranata
katalikung tyasira
tajin dhahar lawan ngunjuk
kedah rudah ing wardaya.

12. Trenyuhing tyas angranuhi
lamun dalu tansah lenggah
legeg datan bisa sare
janma sajroning kadhatyan
tan wonten kang uninga
kasekelannya Sang Prabu
yun munjuk ajrih duduka.

13. Kya Patih nggarjiteng kapti
dhuh Sang Prabu paran baya
kaya sanget ing sekele
sumelangingsun Sang Nata
kambah barubahing tyas
kadarung duhkiteng kalbu
dumadak tumibeng gerah.

14. Nulya ge sowan Sang Putri
prameswarining narendra
munjuk yen Sang Prabu mangke
geseh lawan sabenira
kawistara ing netya
anglir ribeng jroning kalbu
kaleban turida brata.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

15. Prayogi paduka gusti
munjuk raka padukendra
nyuwun midhanget wartane
kang dadya panggalihira
punapa kang kinarsan
dene ta sänget margiyuh
sumangga jeng prameswara.

16. Sang dayita ngandika ris
lah patih mengko manira
sirik umarek Sang Raj eng
wit tan karsa angandikan
lawan ingsun lir adat
wiwit duk nimbali tenung
saprene kendel kewala.

17. Ngong uga banget kuwatir
yen susahe Sri Narendra
mung saka jru tenung bae
ngathik-athik tan prasaja
jer juru tenung samya
kareme mung ambubujuk
jamak jalma jajalanat.

18. Ki Patih umatur aris
lamun paduka tan karsa
nyuwun priksa darunane
sinten malih kang puruna
kajawi garwa nata
mila paduka jeng ratu
enggala marek mring Nata.

19. Paran sagede udani
kasekelaning narendra
lan kadospundi ature
jru tenung kang wus winahya
ngarseng raka paduka

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

milamba darbe panyuwun
mring paduka Sang Narpengdyah.

20. Minta sih wilaseng Aji
jer kawula sring uninga
nata pangalembanane
kalamun sanget sihira
raket lan jeng paduka
lir maniking tingalipun
makaten panginten amba.

21. Raka paduka Sang Aji
datan mangga anupiksa
mring dresing waspa wiyose
Sang Putri duk amiyarsa
aturing kyana patya
mijil kapurunanipun
marek ngarsaning narendra.

22. Saksana nembah wotsari
dhuh dhuh kangjeng Sri Narendra
kendel punapa sababe
ulun den prasajanana
liring sekel paduka
nging Sang Nata datan ayun
waleh marang garwanira.

23. Arawat waspa Sang Aji
ririh arum sabdanira
dhuh manik nuring tyasingong
ya gene ta sira nyawa
arsa wruh sababira
kasusahaning tyasingsun
sayektine tan prayoga.

24. Upama sun prasajani
masthi banget pakenira
rumasa krasa susahe

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

prameswari nambung sabda
sarwi dres waspanira
wados paduka pukulun
estu kawrat ing kawula.

25. Jroning jagad wus kaeksi
tan wonten tresna kang nyata
kajawi dhateng garwane
punapa malih tresnamba
dhateng ing jeng paduka
tangeh wonten pindhanipun
marmamba deksureng driya.

26. Yun wruh darunaning kingkin
mbok kewala ulun wignya
nyaosi suraos sae
kang dados parenging karsa
sanadyan tanpa karya
muhung dadosa panglipur
lereping galih paduka.

27. Atasing priya lan estri
suka atanapi duka
binobot ing sakarone
lamun rukun trusing manah
tartamtu karya mayar
jer jamaking janma idhup
rukun sinebut kamulyan.

28. Ulun saged amastani
nggyan paduka mangku duka
sayekti saking ature
para juru tenung samya
kinarya lolowora
mila ing mangke pukulun
punapa paturanira.

29. Juru tenung neng ngarsa Ji

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

prasajakna mring kawula
aywa kumedhap galihe
wit sadaya rekadaya
yekti karya sandeya
nging tumrap garwa pukulun
datan darbe wasing manah.

Babasan sajroning ngelmi
singa uwal temah tiwas
punika leres yektine
nyuda kedaling wicara
pasang sawunging netya
welu kalamun dinulu
laras korup pangirupan.

* * * *

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

IV. KÏNANTHI

1. Kanthi drenging tangis ulun
mugi ywa paduka kikip
sajarwaa mring kawula
sumawana lamun prapti
panempuhing parangmuka
rumabaseng sarira Ji.

2. Sayekti kawula saguh
tan keguh tumekeng pati
kinarya tulak sangsara
mangka sarat sarananing
widada sungkawa sirna
awit wus kacetheng tulis.

3. Sampurnaning tingalipun
janma juga kandhih dening
lan jalma kalih tetela
sanyatane trang kang pikir
marma dhuh Jeng Sri Narendra
aywa waswas ing panggalih.

4. Lon ngandika Sang Aprabu
lah babo riningsun yayi
pangiraningsun manawa
sira yen wus amiyarsi
dahat kagyat ing wardaya
yayah lir rinujit-rujit.

5. Aturira para tenung
ana kinarya palupi
ardi sela kumalasa
yen wruh sangkaning pawarti
temah gumeter sakaia
sing banget anggegirisi.

6. Mangkana ta Sang Aprabu
nulya awacana malih

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

titi kadi aturira
para juru tenung nguni
purwa madya lan wasana
Sang Putri legeg miyarsi.

7. Sapandurat tan amatur
marsudi wenganing kapti
puwara kawasa medhar
ngandhar pamanggih Sang Putri
dhuh dhuh Jeng Sri Naranata
tan wancak driya wakmami.

8. Yen atur punika tuhu
tumempuh ing sarira Ji
nanging ta pangraos amba
samenir tan darbe rniris
mring sagunging kang ngalamat
amargi ulun wus uning.

9. Yen janma sangsayeng kalbu
kambuh kambah ardeng galih
sumawana janma ingkang
jasade keneng panyakit
tuhu impene tan eca
cemer tur akarya miris.

10. Apa dene langkung tuwuk
nggyannya dhahar lawan guling
inggih makaten punika
mila ulun tan praduli
ngalamating pasupenan
sanadyan kang langkung peni.

11. Dhuh sinuhun Jeng Sang Prabu
punapa tan nguningani
yen jura tenung kaparat
gething marang Paduka Ji
nenggih ta darunanira

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

duk kala jaman ing nguni.

12. Janma tan kena umestu
ing Siwah bathara tuwin
miwah ingkang para dewa
marma anuwuhken isin
suda dayaning pangreka
wimbuh mung ingesi-esi.

13. Sarehning pra juru tenung
datan wenang andarbeni
pangawasa amisesa
kang katingal ing sasami
semune arewa-rewa
sumungkem ing ngarsanta Ji.

14. Wekel anglakoni dhawuh
nanging jroning tyas sayekti
datan kendhat ahedhemitan
brastha paduka kang pinrih
sing awoning manahira
mung bilai kang den esthi.

15. Tan mendha mindhak turipun
palacidrane kalingling
awit nayaka paduka
punapa dene pun patih
terang limpad ing tyasira
pininta pinrih ngemasi.

16. Menggah panggagasing kalbu
makaten mau ywa kongsi
kasatmata tekadira
dadya pra punggawa sami
telas tan wonten kang wignya
nyundhuli atur utami.

17. Miwah pun kaparat wau

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dahat bingah aningali
wutahing erah kawula
wit ulun sanget tresna sih
inggih mring jeng padukendra
terus ing manah kang sukci.

18. Lawan malih rinten dalu
lumuh kawula gumingsir
rumeksa arjaning nata
marma para tenung mangkin
sru ajrih lamun kawiyak
wahyaning tyas kang tan yukti.

19. Dene ta gathuking rembug
putra paduka kakalih
samya kinen nyedanana
wit tembe aywa na kongsi
ingkang males amidosa
siksane kang denwekani.

20. De panyakrabawa ulun
elok lamun kongsi sisip
juru tenung sedyanira
puwara yen Paduka Ji
andhahar ing aturira
pra tenung kacetheng ngarsi.

21. Tartamtu kawentar sagung
para ratu manca nagri
panacad panyeda prapta
tangeh paduka basuki
karana nagri paduka
tinerak ruhara murih.

22. Morad-marid mamrih murud
Sang Nata binrastha yekti
purwane yeka mangkana
pasthi kaprabonira Ji

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pinet ratu liyan praja
dhuh kauningana mangkin.

23. Satelasing aturipun
prameswari mring jeng gusti
nulya Sang Nata manabda
iah riningsun prameswari
ingsun dahat anarima
mring aturira kang titis.

24. Tetap yen panggalihingsun
banget kataman ing ajrih
jroning tyas saya andadra
samengko ingsun wus mari
maras miris waras samya
sira weh lipuring galih.

25. Mungguh saka karsaningsun
kang para tenung ing mangkin
arsa ingsun ukum pejah
sing doracarane sami
prameswari nambung sabda
dhuh sinuhun tan prayogi.

26. Ratu sugai rehing kalbu
kedah tinata kang titi
juru tenung sedyanira
punapa makaten yekti
cundhuk lan atur kawula
linarah manising galih.

****

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

DHANDHAWGGULA

Wusnya kendel Dyah Susilawati
aturira mring raka Narendra
anuwun sigra lumengser
kanthi arsayeng kalbu
anarbuka galihira Ji
temah Sang Nata wikan
lampahnya pra tenung
alane pan wus kacihna
lamun para jru tenung durteng pakarti
leletheking bawana.

Ananarik kang pakarya juti
sajatine mrih reh kang tan arja
jer Nata pinrih brasthane
marma lamun Sang Prabu
datan nedya anguningani
marang pangrenahira
ingkang para tenung
kang piningit sisingidan
tetela wus tan bisa suda sayekti
tindaking pra durjana.

Sang dayita nedha aywa kongsi
Sri Narendra asmareng sasmita
susuluh kang salah gawe
wrina ayuning kayun
cinarita Jeng Prameswari
tedhak mring Kapatihan
karsane yun ngrembug
nggennya wus matur mring Nata
lawan malih wignya weh renaning kapti
Ki Patih ascaryeng tyas

Dangu lenggahnya Sang Prameswari
lan Ki Patih tansah raraosan
paran baya pracekane

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

amiyak wadosipun
para juru tenung supadi
dadi dadalanira
kenane ingukum
kang adii traping pidana
kuneng wau Prameswari lan Ki Patih
eca imbal wacana.

5. Gantya ingkang kawarneng kakawin
kocap wau sang Prabu Subrata
lenggah ing dhadhampar ijen
tyasira saya trenyuh
giyuh ingkang turida kadi
sarirane marlupa
wadana mawelu
kelud kalimput ing naia
pindha datan ana ingkang amadhani
saking geng sekelira.

6. Sang Aprabu sanadyan wus uning
marang para jru tenung kang samya
dahat durcara wuwuse
ananging ta Sang Prabu
datan pisan darbe pangesthi
yen isarat ngalamat
mung karya ambujuk
amijeni jajalanat
malihira seleh-sumelehing galih
pasthi mawa wahana.

7. Lir binrastha jroning tyas matitir
tan pantara amnibali sigra
huluning pra tenung kabeh
dene karsa Sang Prabu
kinen matur ingkang patitis
waliananing supenan
paran sababipun

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mrih lumakyeng dur angkara
akarana karya pakartining nisthip
nyedani garwa putra.

8. Pra nayaka kalawan papatih
supadya ywa anianggih cintraka
tarlen wimbuha arjane
wasana para tenung
wusnya sowan ngarseng Narpati
mabukuh sebanira
sirah mari-kelu
Sri Narendra sru wacana
lah ta sira gelah-gelahing sabumi
nulya ge prasajaa.

9. Pan tetela akalmu kuwalik
dene ingsun kinen matenana
janma kang sun sihi kabeh
lamun tan nulya matur
masthi sira padha ngemasi
ana ing ngarsiningwang
suntugel gulumu
duk pra juru tenung myarsa
geter ing tyas kang cinipta mung papati
ukuming palacidra.

10. Wonten juga jru tenung kang julig
wus kawentar wanter amatara
matrapken palacidrane
weruh lamun Jeng Ratu
miwah Patih samya agething
dene dukaning Nata
tan liya mung kelud
kalimput giniiring manah
tanapi wruh yen Jeng Ratu lan Apatih
lagyeca raraosan.

11. Tandya munjuk ing ngarsa Sang Aji

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dhuh pukulun pupundhen kawula
lubera pangaksamane
mring abdinta sadarum
dening sänget kawasa gusti
ulun punika wredha
lan malih sinuhun
wenang aparing wasesa
amatrapi ukum jalaraning pati
dhateng ulun sakanca.

12. Lab punapa paduka Sang Aji
mamang lamun ulun munjuk dora
temah nglengkara wastane
saupami pukulun
purun munjuk kang tan prayogi
langkung sae kawula
akarya panggunggung
kang sakeca piniyarsa
mbokmanawi damel kabegjaning dhiri
kawula wah sakanca.

13. Ananging ta sareng Paduka Ji
tampi dhawuh akanthi sasmita
saking dewa sayektine
jroning supenan luhung
kadiparan nggen ulun bangkit
ngaturaken durcara
sidiking pangawruh
awon kinarya sakeca
yekti ulun jrih sapudhendhaning Widhi
dhumawah mring kawula.

14. Sang Aprabu kumepyur miyarsi
kemeng ing tyas puwara manabda
Iah sireku kapriye
apa ta Hyang Suksma Gung
weh wasita mring sira sami

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ingsun kinen midosa
mring putra garwengsun
patih lan nayakaningwang
balik sira rampak pikire agething
wit terang tindakira.

15. Kang ing wuri ngong bangkit udani
amelehken ing wawadinira
wruh lakunira kang sedheng
aturnya juru tenung
lah ta Gusti Jeng Sri Bupati
luguning kawruh amba
widagda anuju
medhar kang dereng kalampah
miwah ingkang dereng kawiyak ing janmi
sadaya pan uninga.

16. Saking kitab panujuman yekti
anànging ta kalamun kawula
wus wikan ing alamate
cilaka kang meh raw.uh
ulun sirik sanget wawarti
luwung kendei kewala
bingah manah ulun
awit manawi weh warta
karya maras mring janma tan wurung miris
ulun tanpa patuwas.

17. Ing samangke yen Paduka Gusti
mundhut atur ulun kang sanyata
ulun yun angunjukake
gaibing Suksmana Gung
ingkang janma dereng udani
mrih dadosa panimbang
ing pangawruh ulun
elok langkane kaliwat
lamun mijil dayaning manah duskarti

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

punapa tyas durjana.

18. Ulun dahat denira kapengin
anebihken bilai geng prapta
kang tumempuh Jeng Pamase
saha ulun sadarum
tuhu lamun ajrih lan asih
mring panjenengan Nata
beneh lan Jeng Ratu
tuwin Papatih paduka
ingkang sänget paduka pitayeng galih
malah durcareng lampah.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

VI. DURMA

1. Duk Sang Prabu midhanget paturanira
jru tenung dahat runtik
sora sabdanira
heh sira wong druhaka
gelah-gelahing sabumi
sireku dora
paran ta sira wani.

2. Matur cetha yen Mbok Ratu garwaningwang
kurang tumemen ing sih
marang jenengingwang
lawan Patih tan setya
iku ta panimbang marni
tangeh temena
aturira kadyeki.

3. Juru tenung ririh tur wangsulanira
dhuh Gusti Sang Narpati
sinten ingkang wignya
nyerepi manahira
priya tanapi pawestri
mangka kacihna
remen angaji-aji.

4. Kadrajatan punika jamaking priya
dhuh atur ulun yekti
yen garwa Paduka
karsa pulang asmara
lan abdi paduka Patih
ingkang sinedya
madeg Nata pribadi.

5. mBok manawi pitados paduka kirang
lah sumangga Jeng Gusti
utusan mariksa
mring wismanya Ki Patya

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

garwa paduka wus pasthi
Jeng Sri dayita
lan Patih seka kapti.

6. Duk Sang Prabu midhanget ing aturira
jru tenung ambek julig
tuhu tan kawawa
nahen ing dukanira
kumedut padoning lathi
andik netranya
jaja bang sru mawengis.

7. Gya nimbali nayaka nama Susatya
tan dangu nulya prapti
Sang Nata ngandika
sora serak kang swara
heh Susatya ingsun tuding
mring Kapatihan
pariksanen kang titi.

8. Lamun sira wruh Mbok Ratu aneng kana
tresen kang raja weni
ywa nganggo sumelang
sumawana si Patya
patine untapna aglis
saram pungira
enggâl munjuka mami.

9. Sang Susatya wikan yen sru dukanira
datan suwaleng kapti
saksana lumakya
mring wismanya Ki Patya
nanging sru ngungun ing kapti
samarga-marga
karerantan ing ati.

10. Wus tetela Sang Prabu kalimput ing tyas
tan yogya sun tumuli

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lumaksaneng karya
dhawuhe Sri Narendra
becik sun sareh rumiyin
de pangireng-wang
thukuling duka iki.

11. Datan liya tenung kang karya pitenah
mangka sadhengah janmi
tamtu samya wikan
saben-saben rarasan
Ki Patih lan Prameswari
tan lyan angrembag
mangripta arjeng nagri.

12. Yen ing tembe ingsun matur Sri Narendra
lamun Jeng Prameswari
kalawan Ki Patya
kaleksanan wus seda
pasthi kaduwung ing galih
awit Sang Nata
mring kalihnya tresna sih.

13. Lah ing kono uninga ing resikira
marang Jeng Prameswari
lan setya tuhunya
Kyana Patih punika
sanadyan ing dina wuri
Sang Prabu priksa
nggoningsun tan nglakoni.

14. Dhawuhira malah sun milalu pejah
lawan sun memateni
janma ambek darma
apa maneh karsendra
sajatine tan ngengeti
pitenahira
pra tenung kang lir iblis.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

15. Pan cinekak Susayta wus neng Kapatyan
kapinujon Sang Sori
lagya raraosan
nggennyarsa dur suyasa
jru tenung mring Sang Narpati
marma Susatya
truwaca ing pamyarsi.

16. Lamun para juru tenung sedyanira
yun ngrabaseng Kya Patih
lan jeng prameswara
mrih praptaning antaka
nulya Susatya wotsari
dhuh dhuh Ki Lurah
kawula tur upeksi.

17. Yen kawula tinuduh ing Sri Narendra
sowan Ki Lurah Patih
kinen nelasana
paduka Kyana Patya
lawan Jeng Sang Prameswari
wit Sang Narendra
duka yayah sinipi.

18. Duk miyarsa Ki Patih lan prameswara
kapiteng tyas kapati
sewu datan nyana
tampi dukaning Nata
wasana karuna anjrit
sora sasambat
dhuh paran raga mami.

19. Nemu siksa siniyasat mring narendra
dhuh Suksmana Kang Adii
tulungana ingwang
ulun datan rumasa
kasasar pakarti sisip
wau Susatya

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

majeng malih wotsari.

20. Pan makaten kewala reka kawula
inggih Ki Lurah Patih
santuna busana
lir traping janma sudra
sing ngriki kewala anis
mring nagri liyan
dene Jeng Prameswari

21. Angagema busana cara nakoda
lerep neng wisma mami
mangke semah amba
nampi kanthi pangargya
kang makaten para jalmi
tamtu anyipta
yen paduka wus lalis.

22. Kyana Patya tan dangu nggyannya busana
nulya ge pamit anis
mring jro nagri ingkang
dadya tanggenahira
Susatya nayaka bangkit
de Sang Narpendyah
tandya busana aglis.

23. Tedhak marang ing wismane sang Susatya
nedya mangungsi urip
mangkya kang wanodya
methuk ing palataran
gupuh nggyanira nampeni
mring tamunira
wusnya lumebeng panti.

24. Kinurmatan ing krama miwah bujana
twin agemnya Sang Putri
salepe barleyan
kang lwih endah warnanya

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan susupenya Ki Patih
kang ciri asma
pan wus sinuwun sami.

25. Pamrihira keni kinarya pracihna
yen kalihnya wus lalis
cekaking carita
dupi patih wus mentar
sing nagrinira pribadi
Sang Prameswara
waspanira dres mijil.

* * * *

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

VII. MIJIL

1. Sakalangkung denira mlas asih
   sakala meh layon
   ciptaning tyas kapriye dadine
   dene elok lalakon puniki
   dhuh Suksma Kang Adii
   tulungana ulun.

2. Nora pisan nyana yen Sang Aji
   tega mring wakingong
   lah ta paran raganingsun kiye
   leheng nuli anemahi lalis
   tan kadawan wingit
   sewu susah ingsun.

3. Dhuh putrengsun maniking tyas mami
   ibunta mit layon
   sun pasrahken sira sakarone
   mring Hyang Suksma mrih arjanta sami
   tanapi lestari
   suwita ramakmu.

4. Tan kinandha sambatnya Sang Putri
   Susatya adandos
   arsa sowan mring ngabyantarane
   Sri Narendra kang nedheng akingkin
   samana wus prapti
   malbeng jro kadhatun.

5. Duk sang Prabu Subrata ningali
   Susatya kang rawoh
   cahyanira surem nir sunare
   kawistara korup jroning ati
   wasana nulya ngling
   Susatya sireku.

6. Babo-babo wau menyang endi
   apa lunga adoh

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nggon sun tan wruh sira kongsi suwe
Susatya ge umatur aririh
dhuh Gusti Sang Aji
punapa pukulun.

7. Supe dhateng dhawuh Paduka Ji
kang sampun kawiyos
mring kawula duk sanget dukane
lah ing mangke kalihnya wus lalis
Patih lan Sang Putri
mila ulun dangu.

8. Jer sadaya ulun kang rumanti
sampurnaning layon
reke sampun paripurna kabeh
andadosna pamriksanta Gusti
mangka tandha saksi
punika gemipun.

9. Kang salepe garwa dalem Gusti
sumangga sumaos
lawan singsim kang ciri asmane
Kyana Patih kang wus angemasi
duk Sang Prabu uning
tyasnya lir binanjut.

10. Trenyuhing tyas lir rinujit-rujit
waspanya dres miyos
lir kayatnan tan emut galihe
dangu datan ngandika Sang Aji
Susatya wus uning
kalamun Sang Prabu.

11. Sanget nggyannya sungkaweng panggalih
anulya wotsinom
dhuh lae dhuh Gusti Jeng Pamase
lah ta sampun makaten Sang Aji
wit sagunging kingkin

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan manah kaduwung.

12. Yekti datan pisan mikantuki
nyuda karahayon
anirnakken tentreming galihe
wit Ki Patih lan Jeng Prameswari
wus tan bangkit bali
sing astana tuhu.

13. Lah ing mangke pukulun Sang Aji
ywa muwun kemawon
wit sadaya lekasing panggawe
ingkang datan sarana ngengeti
kaduwung ing wuri
punika tartamtu.

14. Jer sagunging tumitah puniki
karsaning Hyang Manon
datan kena ingowah dhasare
dados sampun umanjing ing takdir
prayogi ing wingking
kagalih kang putus.

15. Supadya ywa kadya kang winuni
kasaput prihatos
temah tiwas wong uwas pikire
kang sayoga sujanma ngaurip
titi ngati-ati
sabar ing tyas mungkul.

16. Hawa napsu cinandheta murih
rahayu ing batos
karem cegah dhahar lan gulinge
kang mamarah antenging panggalih
ngasorken sayekti
dhasaring tyas punggung.

17. Yen paduka karenan miyarsi

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ulun yun cariyos
tutuladan nging adhapur dongeng
kenging kinarya tepa palupi
mring sagung pra janmi
minangka pepemut.

18. Panyegahing angkara kang mijil
saking jroning batos
atanapi manungsa wajibe
sabar lawan darana ing ati
telas denira ngling
Sang Prabu sumambung.

19. Lah Susatya wecakna tumuli
arsa mireng ingong
mbok manawa dadi panglipure
tyasingsun kang tansah manggung kingkin
Susatya wotsari
sandika Pukulun.

****

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

VIII. PUCUNG

1. Nulya mucung Susatya alon turipun
   duk ing jaman kuna
   wonten nagri gung winarni
   kang masesa ratu ambek sadu budya.

2. Sang Aprabu karsa tedhak mring wana gung
   ambebereg kidang
   nanging datan antuk kardi
   temah cuwa wardaya semu sungkawa.

3. Nulya kondur duk dumugi kikisipun
   nagari Sang Nata
   neng jro garumbul umeksi
   ebah-ebah tan katingal warnanira.

4. Cipteng kalbu dinalih kidang lumayu
   tandya linepasan
   jemparing wekasan keni
   pinrepekan sanget kagyating wardaya.

5. Kang sinegguh kidang jatine wong dhusun
   angupaya wreksa
   saking dahat dera miskin
   kang inganggo kulambi walulang kidang.

6. Tyasnya njentung Sang Prabu dahat angungun
   langkung welas mulat
   tangannya keneng jemparing
   gya adhawuh mring abdi kinen ambekta.

7. Unggyanipun dhukun tinambakna gupuh
   sarta pinaringan
   ardana mas satus rispis
   pan cinendhak tindake Sang Sri Narendra

8. Praptanipun ing jro nagri nulya rawuh
   wismaning pandhita

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang celak lan dalem puri
wusing lenggah Sang Aprabu angandika.

9. Kadi kang wus kalampahan neng wana gung
yen manggih rubeda
jalaran kang jalma miskin
jinemparing meh meh kewala pralaya.

10. Manabda rum mring pandbita Sang Aprabu
iah ingsun upama
kongsi akarya papati
dhuh sapira kaduwunging galihingwang.

11. Kang kadyeku paran margane wakingsun
bisa nyingkirana
prakara lir kang winuni
Sang Pandhita tandya munjuk mring Narendra.

12. Dhuh pukulun lamun Paduka Sang Prabu
murih sumingkira
kaduwung jroning panggalih
aywa pisan angegungken runtikira.

13. Sae lamun sabar tawekal ing kalbu
jer janma kang sabar
miwah waspada ing batin
gesangira kenging sinebut minulya.

14. Sabdeng Prabu paran patrape wong iku
ywa nganti kataman
angkara anggigirisi
wit tetela kalane sun mangku duka.

15. Taman limut patitising tyas kalimput
sagunging prakara
tumindak tanpa tiniti
culing sabda wetune tanpa pamanah.

16. Sang awiku majeng sarwi lon turipun

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dhuh Gusti Sang Nata
punika ulun nyaosi
srat titiga mangka panambaking duka.

17. Yen Sang Prabu arsa andhahar satuhu
sabar parimarma
serat titiga puniki
adhawuha ngrimat mring abdi paduka.

18. Yen panuju kaseser duka Sang Prabu
serat kacaosna
juga kewala rumiyin
lamun dereng lilih duduka Narcndra.

19. Kinen laju nyaosken satunggalipun
yen paduka meksa
taksih dereng mari runtik
cinaosna serat ingkang kaping tiga.

20. Lan Pukulun kedah prasetya ing kalbu
karsa amaosa
suraosing pustaka tri
temah suka Paduka wignya rumeksa.

21. Ninging kalbu miwah sarira Pukulun
sumingkir sing duka
miwah kaduwung ing galih
pikantuknya anglangkungi ngagem jimat.

22. Sang Aprabu dahat geng sukaning kalbu
gumeleng ing nala
anggilut lepasing budi
Sri Narendra nulya kondur angadhatyan.

23. Datan dangu Sang Nata kasengka rengu
mring wadya jro pura
nulya abdi kang ngrimati
pustakanya gya ngaturaken mring Nata.

24. Winaos wus ing sakedhap netra putus

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pasemoning netya
narendra dukanya lilih
pan mangkana patrape yen lagya duka.

25. Wiyosipun dhingin ungeling srat wau
patut gung sujalma
mamalad kotaman tuwin
anyegaha angkaraning manahira.

26. Sajarwestu yen kuda kudu lumaku
becik kang pepeka
apus kudu denkencengi
lamun lena kang nitih tibeng bebaya.

27. Wus tartamtu yen janma tan kendhat nepsu
temahan binuka
kebak bekane andadi
kang pustaka kaping dwi mangke winahya.

28. Aywa kaduk ing duka yogya linipur
welasa ing janma
kang lagya amanggih sisip
wit manungsa samya kadunungan dosa.

29. Nging Hyang Agung welas marang para makhluk
lah ta lamun sira
sabar parimarmeng budi
iku lagya bener ngadil tindakira.

30. Katrinipun kang serat suraosipun
aywa ta pra janma
weh ukuman kanthi runtik
yen mangkana pasthi tan adil ranira.

31. Kang pepemut kawrat ing pustaka tutup
warnanen Sang Nata
dahat denira tresna sih
mring selirnya tan kena keletan rema.

32. Nging Sang Prabu kemba ing garwa Jeng Ratu

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

marmane kang garwa
dahat bramintaning kapti
jer Sang Nata saya suda tresnanira.

33. Kang kadyeku nuwuhken bentering kalbu
anulya utusan
nimbali embaning selir
janma wredha karem angulah pitenah.

34. Karsanipun pinrih ambrastha Sang Prabu
lawan selirira
srana sarat darubeksi
miwah wisa mrih kalihnya trus palastra.

35. Kalamun wus arsa ginanjar arta gung
samana pun wredha
emban lumaksana aglis
ngambil wisa sineleh winorken wedhak.

36. Age wangsul atur mring arseng Jeng Ratu
lon ing aturira
mangke kawula manawi
anyerati remane sang kinasihan.

37. Rampungipun tasik ulun trapken gupuh
ing wadananira
mrih yen ingaras Sang Aji
saged manjing ing grana myang tutukira.

38. Enjangipun pasthi keh janma kang ngungun
sedane Sang Nata
tanapi bandara selir
yekti samar tan wonten janma kang wikan.

39. Tandhanipun tangeh wonten kang sumurup
duk kala garwendra
raraosan neng jro bilik
wonten abdi sajuga jalu nemneman.

****

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

IX. SINOM

1. Wamanen abdi nemneman
ngampil seratnya Sang Aji
pinaringken mririg kang garwa
nenggih Jeng Sang Prameswari
duk prapta sajawining
Icaputren kandheg àngrungu
wedharing panglocita
getering tyasnya tan sipi
tan darana anulya wangsul cangkelak.

2. Kapanduk ing tyas kumelas
melang-melang awawatir
mangkana graiteng driya
paran bisane Sang Aji
miwah bandara selir
sumingkir sing babaya gung
kang mijil angkararda
kerem ring pakarya juti
yen tumanja Sang Prabu amasthi seda.

3. Yogya yen nata yun nendra
sun malebeng kamar dhingin
nyingid soring kathil denta
pedah yen wus prapteng ratri
Sang Prabu lan Sang Selir
nggyanira sare wus tuwuk
nulya ge sun tamakna
pracekaningsun puniki
wus palastra pangunandikaning driya.

4. Mangkya kocap Sri Narendra
rikalanira ing ratri
malbeng kathil pasareyan
lawan Sang Selir kinasih
ananging ta Sang Aji
kaduk wuru nggyannya ngunjuk

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

marma sare kewala
abdine anulya mijil
saking soring pasingidan kathil denta.

5. Mulat mring sang kinasihan
denira nendra kapati
sigra wau abdi mudha
angambil kang wastra putih
kang wus kinum ing warih
ingusapken sangdyah ayu
aneng wadananira
sarya lon angirih-irih
sreping toya anjalari kagyatira.

6. Nulya wungu garagapan
miwah sru anjerit-jerit
Sang Nata kagyat kalintang
wungu dupi amirsani
abdine neng jro bilik
nata dahat denya bendu
tandya ngunus curiga
arsa kinarya nelasi
marang abdi nemneman nanging lumajar

7. Saya mungkar ing angkara
abdi anem dentutwuri
dhawuh abdi kang katingal
kinen nyepenga tumuli
wekasan wau abdi
sami sakala kapikut
saksana Sri Narendra
meh kewala abdi anem tinelasan.

8. Kasaru ing praptanira
abdi kang kinen ngrimati
serat kang saking pandhita
sinaosaken tumuli
saking sangeting runtik

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan karsa maos Sang Prabu
anulya ingaturan
pustaka kang kaping kalih
Sang Aprabu meksa tan emut welingnya.

9. Sang pandhita kang adarbya
nawala kang neng ngarsa Ji
wasana srat kang katiga
sinaosaken agenti
sinuksma kanang tulis
nulya lilih dukanipun
dhawuhe Sri Narendra
kinen angajengken aglis
gya dinangu Sang Prabu lon sabdanira.

10. Babo apa sababira
dene sira kumawani
malbeng kamar pasareyan
sarta wani anggrayangi
wadanane ken selir
iku sayekti tan patut
mesthi ingsun pidana
jer sira sru murang margi
mring narendra tan nganggo trap susilaija.

11. Lah ta age umatura
abdi nem alon wotsari
dhuh dhuh Gusti Sri Narendra
paduka ratuning bumi
ulun kalangkung sisip
nyuwun aksamanta Prabu
ing mangke ulun medhar
kang dadya tuking prakawis
lah sumangga Paduka raos ing driya.

12. Kala paduka utusan
mring ulun manjing jro puri
nenggih ngampil pustakendra

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pinaringken mring garwa Ji
prapta jawining kori
mireng raraosanipun
emban lan prameswara
arsa manidra ing wengi
mawa wisa kang winor ing tasikira.

13. Inggih klangenan Paduka
murih yen ing wanci ratri
tasikanira ingaras
mring Paduka pasthi lalis
lawan bandara selir
seda duk nendra ing dalu
jalaran kang mangkana
abdinta sandeyeng kapti
mbudidaya nggayuh tulaking babaya.

14. Ulun lir tampi sasmita
kinen malbeng soring kathil
angusapi kanang wisa
mrih suminggah sing bilai
makaten purwaneki
de sanget pangeman ulun
dumateng Padukendra
ing mangke sumanggeng karsi
Sri Narendra gya utusan abdinira.

15. Nimbali Jeng Prameswara
datan kawarna ing margi
prameswari wus neng ngarsa
dinangu marang Sang Aji
nanging Sang Prameswari
tangkis rembag ing Sang Prabu
tan rumasa akarya
tindak dahat murang krami
gya umatur dhuh Sinuhun pupundhenwang.

16. Ulun saestu wus wikan

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

yen Paduka dahat asih
mring kalangenan Paduka
mila ajrih ngong nglangkungi
matur mring Paduka Ji
amiyat kekeranipun
nanging ta sapunika
Paduka uning pribadi
cidrasmara mung lawan abdi neneman.

17. Abdi nem nulya wotsekar
dhuh Gusti ulun Sang Aji
kalamun ulun durcara
rila anemahi pati
ananging ulun mangkin
nyuwun wadhah tasikipun
kang taksih rinawatan
embannya bandara selir
mbok kewala taksih wonten niswanira.

18. Duk Sang Prabu amiyarsa
nulya tedhak ngupadosi
wadhahing tasik kapanggya
sisaning tasik tumuli
kinen age ambukti
marang emban saksana wus
awit rinoda paksa
sami sakala ngemasi
gumalethak cedhak sampeyaning nata.

19. Yekti wus kapara nyata
lepate Sang Prameswari
mangkya karsaning narendra
prameswari dentelasi
wit agung doseng pati
tan pantes tampi pamengku
dene ta abdi mudha
sing ngandhap sinengkeng nginggil
winisudha dadya bupati nayaka.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

20. Susatya laju turira
dhuh Pukulun Sri Bupati
wiyosing kanang angkara
upami tan densayuti
Sang Nata lan sang selir
amanggih babaya lampus
sumawana ntuk dosa
jer nelasi ingkang abdi
ingkang karya pitulung mring Sri Narendra.

21. Marma kalamun sujalma
cepak napsune kapati
tan enget wekasanira
yekti yun manggih bilai
kaduwungnya ngranuhi
rubeda asungsun timbun
de yen arsa uninga
napsu kang winor ing jisim
lah punika pamurunging tyas raharja.

22. Menggah ta sabar darana
yeka wajibing sujanrni
punapa malih narendra
kedah gung samudraksami
mrih dadya tuladaning
pra janma kawulanipun
wruh tindaking ngagesang
kang murka lawan kang adil
dhuh sumangga abdinta nyuwun aksama.

23. Ngandika Prabu Subrata
heh ta Susatya sireki
pancen ambek wening ing tyas
tuhu wicaksaneng budi
nging paran sira iki
tan welas marang Mbok Ratu
utawa Patihingwang

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

miwah tan arsa pepeling
kaya kang wus sira wedharken ing ngarsa.

24. Sira gung karya wigena
karanta-ranta ing ati
kaduwung nggonsun marentah
mring sira purih mateni
Mbok Ratu lan si Patih
ing mengko trang sumurupku
manawa aturira
juru tenung angapusi
mung durcara karana yun amaeka.

25. Susatya matur wotsekar
dhuh Gusti ratuning bumi
menggah nagari punika
mangka sarira narpati
sirahira upami
nenggih panjenengan ratu
sawarnining kawula
suku asta kanan kering
lamun muka tambuh ing mubarang karya.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

X. GAMBUH

1. Pundi ta ingkang luput
suku tangan tan tumut kasiku
awit datan katitipan ing pamikir
karep lir sirah puniku
kang sae miwah kang awon.

2. Jroning sirah kawengku
marma paran Paduka Sang Prabu
teka dadak kaduwung kadawan wingit
enget mring garwa Jeng Ratu
lan Ki Patih kang wus layon.

3. Sining jagad puniku
kathah janma wengi ciptanipun
tan rakasa paduka antuk papatih
tanapi wanudya ayu
kang pantes ginarweng katong.

4. Mangkana ta Sang Prabu
ascaryeng tyas myarsa turireku
sang Susatya nayaka mbek marmeng budi
panggalihira sru trenyuh
temah angandika alon.

5. Susatya sira iku
teteh terang wetuning aturmu
nanging kadi balenderan tan prayogi
ambek asongar gumunggung
anggeges karya rudatos.

6. Tan mantra-mantra lamun
sira welas marang raganingsun
wit tan ana aturira kang malad sih
kang kena karya panglipur
abering manah prihatos.

7. Sang Susatya wotsantun

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dhuh Pukulun ratu kang maha gung
lah ta paran karanane ulun bangkit
nglipur panggalih pukulun
mrih lali mring káng wus layon.

8. Sanadyan ulun baud
ambengkasa dhawuh Jeng Pukulun
ananging ta Paduka temaban runtik
sisip sembire wak ulun
binanda kinarya wuwoh.

9. Sabda pandhita ratu
datan kena tinulaka muhung
para abdi andherek karsa Sang Aji
parentah kang wus dhumawuh
amasthi nulya linakon.

10. Sang Prabu ngandika rum
mbokmanawa sajeg ngong tumuwuh
datan kendhat ngrasa kaduwunging ati
marga saking karsaningsun
aparentah tanpa waton.

11. Utusan mring sireku
anelasi Patih lan Mbok Ratu
ingkang dadya mamaniking tingal mami
tresneng sun angundhung-undhung
samengko tansah katongton.

12. Dhuh babo raganingsun
dene rtdadak nandhang cintraka gung
gung anggubel ing sarirengong ngebeki
ngenai dalaning rahayu
nugraha paringing Manon.

13. Susatya nayakengsun
ingsun ngengleng bingleng lir wong linglung
paran baya kawicaksananta enting
tan darbe wenganing kalbu

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tumemen mrih karahayon.

14. Mring panj enenganingsun
beneh lawan Patih kang wus lampus
nora dosa pinidana tekeng pati
kang mau sun darbe sengguh
yen sira prawireng batos.

15. Tetes sabarang laku
arjaning tyas sanityasa putus
datan nyana yen pangiraningsun sisip
temah ngong durung sumurup
endi budinta kang golong.

16. Sang Susatya tumungkul
sinaruwe marang Sang Aprabu
tandya matur dhuh Gustiningsun Sang Aji
pralampitaning pra sepuh
mugi kapareng Sang Katong.

17. Miyarsakken rumuhun
datang wonten janma ingkang baud
anyerepi mamanahaning sujanmi
sor ungguling kancana gung
srana lineler kemawon.

18. Wangsul manahing manus
tuhu elok langka yen yun weruh
weruhira lamun wus wignya nusupi
pupuntoning karepipun
marma sakalangkung ewoh.

19. Wit kasudiranipun
tyasing janma katitik kalamun
lagya nedheng kandheg neng madyaning jurit
makaten tamtu kapangguh
ing wawadining tyasing wong.

20. Saening sudagar gung

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kawistara ing pambayaripun
utangira dadagangan warni-warni
sade barang sarwa bagus
bregasing gagasan katon.

21. Teteping mitra tamtu
katandha sing rumaketing tanduk
atutulung kala tinanggulang miskin
pandhakune tanpa sigun
sengganging ati abolong.

22. Kamursidan puniku
atanapi tetepira ngelmu
pan kacihna kalane manggih bilai
tegel ing tyase tumungkul
ngukuhi karseng Hyang Manon.

23. Angrasa luputipun
datan darbe budi kang gumunggung
mung ngegungken tapa brangtane kang dhiri
murih nulyantuk pamengku
karaharjaning lalakon.

24. makaten pindhanipun
panggalihanira para agung
lagya kinen sinerepan karsaneki
duk nalika manggih bendu
punika karya pangilon.

25. Wus jugag aturipun
sang Susatya nayaka budyayu
nanging semu wadhag denya mralambangi
pancen tinemaha tuhu
nyoba panjenengan katong.

26. Punapa karsa bendu
ing wekasan wau ta Sang Prabu
amung kendei tumungkul merang ing galih

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

trenyuhing tyas saya wuwuh
kumembeng waspa dres miyos.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XI. MASKUMAMBANG

1. Megap-megap kadi kapegatan ing sih
   ririh sambaíira
   dhuh dhuh yayi prameswari
   welasa mring raganingwang.

2. Apa sira nedya tega mring wakmami
   nilar dasihira
   kang dahat anahen brangti
   mung sira katon gumawang.

3. Peksi munya sun sengguh swaranta yayi
   nimbali maring wang
   garagapan nggonsun prapti
   mring papaning peksi munya.

4. Temah sunya nyenyet arinta tan keksi
   sun wangsul cangkelak
   wruh Merak ngadhang neng margi
   sun sengguh mas pakenira.

5. Adhuh baya paran bisane pinanggih
   lan pupujaningwang
   tansah gumantung neng ati
   cumanthel pucuking netra.

6. Dhuh welasa marang putranta kakalih
   kang kari sungkawa
   ewuh nggoningsun ngembani
   tangise andudut driya.

7. Adhuh yayi ingsun datan bisa kari
   ingsun milu sapa
   neng donya datanpa kanthi
   leheng sun nuli palastra.

8. Kathah lamun barangtane pinurweng kawi
   sigeg kawuwusa

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Susatya myat yen Sang Aji
brangta asmara mring garwa.

9. Ri saksana umajeng sarwi wotsari
dhuh dhuh Sang Narendra
muwuna tan pantuk kardi
tan wonten puwaranira.

10. Atur ulun leres akarya prihatin
nging kawula sedya
supadi Paduka Gusti
kagungana panggraita.

11. Inggih lamun sabar parimarma dadi
pandam tuking manah
pantes sagunging sujanmi
darana sinudarsana.

12. Langkung malih panjenenganing narpati
panggalih samudra
lumintù kang pangaksami
semune sepi angkara.

13. Sri Narendra nulya angandika aris
bener aturira
dhasar sireku wus uning
yen ing wau ingsun wignya.

14. Rumeksa mring sarira tuwin ngurangi
hawa napsuningwang
aparentah kanthi adil
mangkana jamaking raja.

15. Ing samengko begja manggih gung prihatin
sru kaduwung ing tyas
kang marga nggon sun tan eling
panyandheting angkararda.

16. Marma aywa sira weh wicara manis

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang weh lipuring tyas
luhung Susatya sireki
tansah amamancahana.

17. Mring lalakon kalakone lekas mami
supaya wakingwang
lestari lara prihatin
seda ngenes kang sun ajap.

18. Yekti patutu lamun ingsun angarani
sukci tanganira
kang jalaran radiraning
garwa lan papatihingwang.

19. Muhung ingsun ingkang pantes anampeni
dhendhaning jawata
siniksa rageng sun iki
dhih Suksma banjuten ingwang.

20. Cinarita Susatya duk amiyarsi
sabdaning narendra
sumedhot tyase kalindhih
kandhih welase mring nata.

21. Aturira dhuh Gusti pepundhen mami
ing mangke kawula
purun prasaja ing Gusti
nguni ulun tan tumindak.

22. Reh Paduka kang mijil duka rumiyin
yektine garwendra
tuwin abdinta Ki Patih
taksih sami basukyarja.

23. Garwa Nata taksih neng wismamba mangkin
dene ta Ki Patya
ulun tundhung mring lyan nagri
tansah andhandhang aksama.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

DHANGDHANGGULA

Sri Narendra dupi amiyarsi
ing ature nayaka Susatya
tambuh bingah panggalihe
lir mukswa yuswanipun
saking dening ribenging galih
sirna sami sakala
sekelira larud
lir roga manggih usada
dangu datan ngandika Sri Narapati
anglir koncatan atma.

Tumulya ge dhawuh animbali
garwanira kang lagya singidan
aneng Susatya wismane
sarta kinen anjujul
Kyana Patih kinen amulih
maring jroning nagara
Susatya wus mundur
lumaksaneng dhawuh nata
pan cinendhak enjingnya garwa lan patih
wus mangarcaneng nata.

Duk Sang Prabu Subrata umeksi
gya angrangkul lungayaning garwa
sarwi kumembeng waspane
sabdanira Sang Prabu
dhuh lae dhuh garwengsun yayi
apa padha raharja
lawas tan katemu
mengko amung apuranta
kang sun cadhang lumebera marang mami
mangka panglebur dosa.

Kaluputan kang wus ingsun panggih
dene teka ingsun tan pitaya
mring susilanta nah angger

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jer kabranang tyasingsun
marana sagung pakarti sisip
kasasaban pitenah
ira juru tenung
kurang sathithik kewala
katiwasan ingsun anemu bilai
wit tan titi pariksa.

5. Amung saka weninging tyas yukti
kawicaksanane si Susatya
temah bisa nguwalake
sakehing bilai gung
sira luput saka ing pati
surnawana ambirai
kyehning gung kaduwung
panggalihingsun wus lega
suka sukur mring Suksma Kang Adi Luwih
adil tan kasamaran.

6. Babo sira kakasihsun patih
lawan sira nayaka Susatya
paran nggonsun nuduhake
panarimaning kalbu
saking gunging kabagyan mami
kang mijil pakaryanta
kang sukci satuhu
lah ing mengko mimintaa
apa ingkang padha sira kapengini
mas picis rajabrana.

7. Murih dadi pamalesireng sih
pracihnane gung katresnaningwang
marang sira sakarone
apa dene mbok ratu
kendel sabdanira Sang Aji
Ki Patih lan Susatya
tanapi Jeng Ratu

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

samya gumujeng wotsekar
dhuh Pukulun ratu binathareng bumi
ulun sami tur sembah.

8. Sih wilasa Paduka Sang Aji
kang rumentah mring ulun sadaya
wus tan wonten pipindhane
makaten paminipun
jugrugira kang wukir sari
robing samodra kilang
tinanggulang luput
tan len kawula sadaya
samya munjuk lamun barkahing Narpati
tetep prapteng palastra.

9. Sumawana Paduka amanggih
rineksa ring hayuning sarira
kasembadan sasedyane
dumadi pandarnipun
pangauban ulun salami
marma ulun sadaya
tan nedya nyunyuwun
esthining manah kawula
mung Paduka agunga santoseng galih
uwal sing kamohitan.

10. Kang minangka sarating dumadi
anetepi sukaning wardaya
ngupayaa kayaktene
prakawis kang tumempuh
tumama ing galihira Ji
ywa rentah dhawuhira
kang dereng kinayun
kalawan para nayaka
lawan malih Patih wrangkaning narpati
patitis putus ing tyas.

11. Mangkya Paduka sampun anggalih

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

janma kang trang berbudi ing manah
ugyantuk dosa kang gedhe
kalamun datan emut
miwah kirang sampurneng kapti
lan malih ririkatan
mancasi pakewuh
margi punika sanyata
uiun darbe panyuwun ing Paduka Ji
wontena karsa nata.

12. Angempalken pra parameng budi
anetepken srat panatapraja
mangka dadya wawatone
mring pradata sadarum
aywa nganti bahu kapini
sumarambah pra janma
jro praja sawegung
pinaringana wawenang
ananggulang pranata pidaneng nagri
mrih legawa siniksa.

13. Wit wus weruh dosane pribadi
tan ngresula tampi pamidana
narima manggih ukume
mangkana Sang Aprabu
duk midhanget turing Ki Patih
dahat arsayeng nala
kawilet lulut kung
kyating tyas kongkal kalingkap
kawisaya ing patih kang miyatani
puwara angandika.

14. Lah Susatya lawan sira Patih
ngupayaa janma kang widagda
limpad budi wicarane
dene ta karsaningsun
padha ingsun purih anganggit

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Layang Pranatapraja
mau lir aturmu
utawane cekelana
juru tenung nulya priksanen kang titi
durcaraning tyasira.

15. Wusnya medal Susatya lan Patih
tan saranta pra tenung binekta
tinalikung neng ngarsane
nayaka pradata gung
gung ginubel pinurih mijil
ature kang prasaja
wau ta pra tenung
sarampunging kang papriksan
tetela keh lupute kang nyalawadi
Anak-anak sejak kecil biasakan untuk bergaul dengan orang-orang terpelajar. Biasakan pula mendatangi pertemuan-pertemuan, agar luas. pengetahuannya tentang sopan-santun dan adat istiadat yang benar. Ajarkan hal itu pada anak-anak yang sudah dapat membedakan antara yang baik dan yang buruk. Berilah peringatan yang keras jika anak-anak suka menganiaya binatang. Sebab bila sudah terlanjur akan dapat menimbulkan sifat kejam atau lalim pada sesama.

Banyak anak-anak yang tidak lagi menghormati orang tua akibat kurangnya pendidikan. Oleh sebab itu didiklah anak-anak dengan penuh kasih sayang. Biasakan anak-anak tidak ikut campur pembicaraan orang tua. Bila tidak ditanya, dia jangan menjawab. Jawablah dengan jelas dan tepat bila ditanya. Jangan malu-malu atau menengok ke kiri dan ke kanan, hal itu tidak baik.

Anak-anak jangan diperbolehkan meminta sesuatu jika orang tua sedang makan. Tunggulah sampai orang tua selesai makan. Tetapi jika orang tua memberi sesuatu, terimalah sambil mengucapkan terima kasih. Jangan memakan makanan yang tidak disukai, selain itu orang tua harus melarang anak-anak mencicipi makanan yang sudah terhidang di meja, apalagi jika ada tamu.

Pesanku pada para wanita. Berbaktilah pada suami dengan setulus hati. Berusahalah untuk menyenangkan hatinya, agar cintanya tidak berkurang. Berusahalah untuk tidak mencela dan mengungkit-ungkit masa lalu suami, demikian pula sebaliknya. Hiduplah dengan rukun dan damai, sebab kerukunan merupakan dasar rumah tangga yang bahagia.

Suami istri harus saling percaya mempercayai. Jangan suka membeberkan rahasia suami karena bujukan teman-teman atau saudara, kelak pasti menyesal. Selain itu jangan sekali-kali mengucapkan kata-kata kotor atau tidak senonoh meski hanya didengar suami. Saling menghargai antara suami istri amat penting. Jangan merasa menang sendiri, hormatilah suami dengan sepenuh hati,

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

begitu pula sebaliknya. Bahagialah hidupmu jika nasehat ini kau jalankan.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Serat
DARMA SANYATA

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Atur Pratela

Ing saderengipun kula anggancaraken cariyos lelampahan kula, langkung perlu kula atur pratela dhumateng para sarjana tuwin para ahli budi ingkang sami mumpuni ing kasagedan amrih karsaa paring pangapunten.

Ing sarehning jaman samangke sampun kathah para wanita ingkang majeng dhumateng indhaking kagunan kasagedan, ingkang lerekipun dhateng kautamaning gesang.

Pramila kula namung anudyeng kemawon, jalaran kataman daya panggendenging jaman kamajengan, sedyaning manah boten pisan-pisan gadhah karekat angu'ngasaken kasagedan utawi awit ing atasipun kula teb'ih nyamut-nyamut dhateng kasagedan,

Ing tekad dadosa panutaning manah balilu, ingkang punika bilih wonten kirang-langkunging tetembungan kauning ukara mugi sami anebehna deduka,

Raden Nganten Kartasiswaya.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

SERAT DARMA SANJATA

Nalika kula taksih alit, watawis umur wolung taun, kula kalebetaken dhateng Pamulangan Jawi ing Kadhistrikan Lowano. Bawah Kabupaten Purwareja, dangunipun anggen kula sekolah namung tigang taun. Kala samanten kanca kula lare estri namung gangsal, ugi sami kanca kula dolan sedaya.

Nalika kula wiwit mlebet ing pamulangan, raosing manah gadhah rikuh, awit kekempalan kaliyan lare jaler kanca sekolah, sareng sampun kalih tigang dinten raos rikuh wau saya suda. Awit wonten kanca kula lare estri, dados ing manah sawatawis saged seneng. Punapa malih guru kula sanget panjaginipun dhumateng murid-murid estri.

Sareng sampun wewulanan anggen kula sekolah, prakawis rikuh utawi isin ical babar pisan. Kula mangertos bilih para guru punika sanget panjaginipun dhumateng murid estri, sadangunipun wonten ing pamulangan tansah kaulat-ulataken dening guru.

Sampun ngantos dipun sembranani para murid jaler, saupami wonten murid jaler anyembranani dhumateng kula utawi dhumateng kanca kula murid estri mesthi lajeng dipun srengeni dhumateng guru.

Punapa dene kapatrapan paukuman samurwatipun, supados ing tembe sampun ngantos purun sembrana malih.

Salami kula sekolah tansah guyub rukun kaliyan kanca kula lare estri. Ing wanci enjing bilih badhe sekolah, kula dipun ampiri dhumateng kanca murid estri, utawi kula ngampiri dhumateng kanca.

Lare estri dereng sami lumebet dhateng pamulangan bilih kancanipun dereng jangkep, ewadene manawi sampun mangsanipun lumebet sanajan dereng jangkep kancanipun inggih lumebet.

Sarta salah satunggiling lare estri mamitaken kancanipun ingkang boten lumebet, sabab perlu kekesahan utawi alangan sakit. Bilih kula ngengeti kala samanten, wah seneng kula mindeng, wonten ing pamulangan angsal seneng jalaran guyub rukun kaliyan kanca. Salebaripun saking sekolah sami dolanan pasaran sesaminipun, inggih runtang-runtung kaliyan kanca.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ing agesang punika perlu ngudi ing kasagedan, yen sampun saged punika sadhawah malanganipun badhe seneng lan sakeca. Kula piyambak sampun ngalami, inggih punika nalika kula taksih sekolah. Sami-sami lare estri wonten ing pamulangan, kula ingkang kalebet saged. Bilih kanca kula wau wonten ingkang pitaken bab piwulang, inggih kula wangsuli sarta kula terangaken punapa betahipun, kanthi leganing manah.

Jalaran saking punika, kanca kula murid estri wau sami tresna asaya dhumateng kula. Tiyang sepuh kula punika boten kalebet wewicalaning sugih, dados sedaya pikajengan kula punika boten sedaya kaleksanan, kadi dene anakipun tiyang sugih.
Sanajan nyandhang pengangge kula sarta sangunipun nalika sekolah, boten monje kados dene kanca-kanca kula malah kepara asor.

Senajan. mekatena ewadene manah kula saged seneng, awit dipun tresnani kanca. Kadosta, katumbasaken jajan, dipun sukani angsal-angsal, dipun ajak dhateng griyaning tiyang sepuh-ipun. Wonten ing ngriku dipun tedahi barang ingkang nyenengaken manah. Punapa dene dipun segah tetedhan ingkang miraos. Kanca kula sekolah lare estri punika sami anakipun tiyang sugih, malah wonten satunggil ingkang putranipun Wadana ing ngriku, punika asih sanget dhateng kula.

Para nupiksa rak inggih sami mangertos, kadospundi pamiyaraning putranipun para luhur, tentu sarwa sae lan pengaturan. Kathah sanget bathi kula jalaran kekempalan kaliyan putranipun ingkang Wadana wau, awit prasasat saben dinten kula dipun ajak dhateng kawedanan, awit panggenanipun boten tebih.

Yen panuju kula wonten ing kawedanan, amesthi angsal seneng. Ningali panggenan sae sarta resik, tetingalan barang kathah ugi sae-sae. Pengaturan panggenanipun sarta malih kula angsal piwulang tiru-tiru putra kawedanan sinau ngrenda. Saben kula dhateng kawedanan, tuwuh manah kula kepengin. Mekaten ciptaning manah, "Kapan baya aku duwe barang kang becik-becik mangkono. Amesthi tak tata kayadene pengaturan iku." Pamanah ingkang mekaten wau tuwuhipun yen kula dolan ngriku, awit kula taksih alit dados kalimput ing kasenengan sanes-sanes-

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ipun. Utawi taksih tangeh dumuginipun amengku griya.

Sarehning kula kerep dolan wonten ing panggenan ingkang sae, raosing manah kados dene kosok wangsul makaten. Awit bilih kula wonten ing griyanipun tiyang sepuh piyambak, ngadiraos kirang seneng. Awit papanipun kirang sae, makaten ugi sedaya isen-isening griya, tuwin rerengganipun sami boten nyenengaken manah. Punapa dene sampun kemanuhan kula tingali saben dinten, dados boten nuwuhaken cipta ingkang sae-sae. Nalika semanten tindak-tanduk kula taksih kaku, pawicantenan kula taksih kasar. Awon ing pacakan tuwin sanes-sanesipun, sareng kula sampun sekolah sarta kerep kempalan kaliyan putranipun ing kawedanan punapadene kerep dolan dhateng kawedanan tindak-tanduk kula malih dados iuwes. Pawicantenan kula dados alus, pacakan kula inggih lajeng tiru-tiru punapa ingkang kula wastani sae. Bilih ing kawedanan wonten tamu putri-putri, sanget anggen kula namataken kawontenanipun sadaya. Awit punika dados piwulang tumrapipun badan kula.

Sareng anggen kula sekolah sampun dumugi pangkat nginggil, kula sampun saged nyerat tuwin maos serat-serat ing ngriku kula kagol boten saged anglajengaken sekolah saengga tamat. Awit kapeksa nuruti pikajengipun tiyang sepuh, kula kapurih medal saking pamulangan Bokmenawi saking ciptaning tiyang sepuh mekaten, "Ing atase bocab wadon sekolah iku, janji wis bisa maca-nulis rak ya wis cukup. Saiki perlu sinau ngaji lan prakara agarna." Pamanahipun tiyang sepuh kula wau ugi sampun sae, namung kemawon kirang sampurna. Boten ngengeti pakantukipun tiyang ingkang sampurna ing kawruh.

Yektos samedal kula saking pamulangan, lajeng kapasrahaken dhateng satunggiling guru santri. Supados kawulang ngaos, punapadene bab wulang agami.

Saben enjing utawi sonten kula kesah ngaos dhateng panggenanipun kyai guru, ingkang boten tebih dunungipun saking panggenan kula. Sarehning kula sampun nate sekolah Jawi ngantos tigang taun laminipun, dados anggampilaken anggen kula ngaos. Menggah laminipun anggen kula ngaos watawis tigang taun.

Kula kawulang ngaos apal-apalan, lajeng kasumerepaken

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

aksara Arab. Tumunten anderes Kur'an, gilir gantos kaliyan piwulang prakawis batal-karam ingkang kawastanan sunat, perlu, wajib sapanunggalanipun.

Kajawi kula kapurih sinau ngaos Arab, ugi kaperdi dening tiyang sepuh bab ocal-ocal punapa dene kaperdi ambathik. Nalika kula taksih ragi alit taksih sekolah, manah saged seneng. Awit saged kempal kaliyan kanca, saged sumerep ietingalan warni-warni ingkang saged amewahi kawruh kula. Ananging sareng sampun katingal ageng, watawis umur kula sampun kawanwelas taun ing ngriku raosing manah lajeng kosok-wangsul.

Tiyang sepuh kula punika bakunipun taksih cara kina, nanging sarehning menangi jaman kemajengan ugi saged nggingsir pikajenganipun cara kina sawetawis. Tandhanipun kula kasekolah-aken, nanging boten sampurna. Panjaginipun tiyang sepuh kula wau dhumateng anakipun kenceng sanget, saben dinten prasasat kula kakurung wonten salebeting griya.

Mingser dhateng tangga boten kenging, wonten tetingalan boten suka ningali. Dalah wonten tamu kemawon boten suka sumerep, saben dinten tansah kaperdi ambathik. Yen kula katingal nganggur sakedhik, dipun srengeni anggreng akathah-kathah. Menggah srengenipun wau, sajatosipun piwulang satuhu. Ananging sarehning kula taksih lare, punapa dene saking kerepipun srengen dados sesrenganipun wau kula anggep srengen lugu.

Ing nalika punika manah kula muring, nanging ajrih dhateng tiyang sepuh. Mila rumaos boten kraos wonten ing griya, kados badhe kesah-kesaha. Nanging sareng enget bilih kula sipat estri saupami kesaha, iba awoning pocapanipun. Wusananipun namung sedhih lan prihatos, bok menawi ngemperi raosipun tiyang ingkang dipun kunjara.

Saben kula taksih melek kedah kapurih nyambut darnel sadamel-damelipun, ingkang sampun mesthi kapurih ambathik. Ing wanci dalu dereng suka tilem, bilih dereng tengah dalu. Me-katen wau yen nganggura, dolanan utawi gegujengan kaliyan sadherek adhi-adhi. Inggih mayar, pijer uthak-uthik nyepeng canthing.

Ing wanci jam gangsal enjing, kula sampun dipun opyak-

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

opyak kapurih tangi. Lah, punika raos kula ukuman. Nalika alit, kula mila doyan tilem. Awit saking punika, yen tangi tilem jam gangsal sampun kagobyak kapurih tangi. Wadhuh, sangsara sanget raosing manali. Bok menawi punika raosipun tiyang ngenger, awit kedah manut dhateng bendaranipun. Kabekta ajrih dhumateng tiyang sepuh, sanajan mripat taksih anggandhul, kruget-kruget kula tangi saking patileman kanthi ayub-ayuben. Sarta anggarundel ing batos, kaliyan nalangsa ing manah, rumaos dipun siya-siya.

Jenggelek tangi tilem terus kula dhateng lepen, perlu sesuci badan kaliyan nyangking kalenthing. Sawangsulipun saking sesuci lajeng cethik latu kangge ngengkrengaken ceret, saderengipun wedang wau kumrengseng umob kula sambi isah-isah grabah sesarninipun. Sareng umobing wedang sampun sepuh, lajeng kula abeni. Terus kula sadhiyakaken ing panggenanipun. Reresik latar utawi jogan saben dinten, kula ingkang anggarap. Yen wonten jogan reged, kula ingkang dipun srengeni akathah-kathah.

Sadherek kula punika gangsal, nenem kaliyan kula. Dene pembajengipun inggih kula, adhi-adhi kula wau ingkang sakawan jaler ingkang satunggal estri. Sadaya taksih alit-alit, boten kengin kula ajak gentosan anggarap darnel. Malah-malah amewahi pedamelan kula. Ing wektunipun lare-lare gantos sandhangan, kula piyambak ingkang dados juru-kumbah. Menawi kumbahanipun boten resik, tampi srengen malih. Saking sedhih lan prihatosipun manah, menawi kula pinuju badhe mapan tilem sok tuwuh gagasan ingkang boten-boten. Ciptaning manah, "Kapan baya bisane oncat saka sesrengene wong tuwa, kapan bisaku seneng apadene katurutan barang kekarepanku. Bisa dolan, bisa sanja, bisa nenonton."

Kajawi punika ing kebatosan, kula gadhah panuwun dhumateng ingkang Mahakawasa mugi-mugi pinaringana jodho ingkang sabar ing manah. Ingkang saged momong dhumateng wanita, ingkang singgih sarta boten nate srengen. Saking pemanggih kula selagi dipun srengeni tiyang sepuh piyambak sampun mekaten raosipun, iba-iba dipun srengeni semah ingkang asal liyandlayan.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Menggah dangunipun anggen kula prihatos mekaten kalawau dangunipun ngantos kalih taun, sesampunipun punika tiyang sepuh kula tampi rembag saking satunggiling tiyang ingkang sumedya mendhet mantu dhumateng kula. Wali-wali kula kataros boten dados cocoking manah, wekasan kula kadhaupaken kaliyan semah kula saengga sapriki punika.

Nalika dhaupipun semah kula wau sampun dados gura, nanging taksih ñama andhahan. Dados inggih taksih golonganipun priyantun alit, kupiya ingkang sampun tumindak utawi ingkang kathah-kathah para garwanipun priyantun alit punika boten kulina kekempalan kaliyan garwanipun priyantun ageng. Awit sami rikuh, ajrih utawi kirang tatagipun.

Nanging sanajan makaten, bilih kakungipun angajengaken kados sami kemawon kaliyan para ingkang ragi ageng. Nalika semah kula taksih dados guru andhahan, marsudi sanget dhumateng kula amrih indhaking seserepan. Saben wonten pakempalan ingkang prayogi, kula meslhi kapurih tumut. Mila sapunika kula sampun sumerep piyambak, bilih gunanipun kekempalan punika kathah sanget. Ingkang sampun kula raosaken mekaten upaminipun:

1. Ngertos cara-caramng pakempalan,
2. manüh dhumateng caraning kapriyantunan,
3. ngluwesaken tenaga,
4. ngalusaken basa,
5. sumerep tata traping pengangge ingkang sae,
6. kathah tepanganipun para priyantun,
7. saged mindhak kawruhipun,
8. tatag manahipun,
9. ngicalaken calingus tuwin sanes-sanesipun.

Kajawi punika menawi wonten pangageng kagungan damel, kula mesthi kapurih sowan. Ingkang makaten wau inggih kathah bathinipun, sarta sampun kula lampahi. Dene ingkang kula wastani bathi wau, awit lajeng saged mangertos cara-caranipun ocal tetedhan warni-warni. Mekaten ugi ngertos pangocalipun rerampadan warni-warni.

Kapasangyogi sangate nalika kula taksih alit kaperdi amba-

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

thik dhumateng tiyang sepuh, sareng kula asring ngadhep para pangageng, saben kula sumerep coraking bathikan ingkang sae-sae kula saged aniru andamel kangge piyambak utawi kangge dhumateng semah.

Bathi kula wau boten ngemungaken prakawis bathikan tuwin babaran sesaminipun, ananging pangaturanipun pirantos griya resikan tuwin sanes-sanesipun ugi amewahi kawruh lan kasagedan kula.

Sanget anggen kula atur kasuwun dhumateng Gusti Allah, dene kala rumiyin nalika kula alit dipun sekolahaken dening tiyang sepuh kula. Mekaten ugi inggih matur nuwun dhumateng tiyang sepuh kalih pisan, dene sampun prasasat nilari warisan ingkang kangge salaminipun gesang. Kathah pitulunganipun ing atasing badan kula. Menggah kagunan sarta pitulunganing warisan wau makaten, :

Lajering warisan punika inggih anggen kula saged maos serat-serat. Saben kula maos serat, amesthi wewah seserepan kula, ngindhakaken kenalaran ngathahaken pangrekadaya. Ing mangke semah kula wau marsudi sanget dhateng indhaking seserepan kula. Ing kalarnasanipun kula kapurih maos serat-serat ingkang isi piwulang warni-warni, tuwin serat ingkang wonten pepiridan-ipun sae.

Nalika kula alit, saderengipun emah-emah boten nate ka-wulang prakawis tiyang gegriya. Ngladosi semah, ngawula mara-sepuh, ngupakara anak tuwin sapanunggilanipun. Ewadene kula sapunika, saged ngertos prakawis wau. Jalaran kula saged maos seratipun, inggih saking warisanipun tiyang sepuh wau. Agenging panarimah kula dhumateng tiyang sepuh tanpa upami.

Menggah anggen kula jejodhoan punika, kalebet wilujeng boten wonten sambekalanipun. Gesang kula kekaiih atut rukun, sami mong-ingemong. Bilih kula pinuju muring, semah kula kendel. Yen kaleres semah kula ingkang muring, kula inggih kedah kendel. Dados tebih saking paben-paripaben, sadaya isen-isening griya sagaduging manah kula ugi kula tata amrih prayoginipun.

Panyepeng kula dhumateng ubengipun balanja, kula atos-atos. Kula timbang kanthi leres, samurwating pamedalipun semah

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kula. Tiyang nedha punika sampun mesthi, saben dinten kedan nedha. Saupami tedha wau kula agengaken ngantos anglangkungi saking petangan, kados anyelaki dhumateng sangsaranipun. Sandhang pangangge kula tuwin sarayat sami narimah, sok ugi pantes sadrajad-sapangkati

Kula kekalih sami anebihaken kasenengan ingkang ambeborosi, wadosing manah kula dipun jagi dhumateng semah kula, makaten ugi kula inggih anjagi dhumateng wewadosing manahipun semah kula. Sarehning kula rumaos dipun emong, dipun sarungi mgmanahan kula dhumateng tiyang jaler dados kula kedah animbangi ngemong utawi nyarungi memanahanipun.

Menggah seserapan kula ingkang samanten wau asalipun saking warisanipun tiyang sepuh, sarta saking pamerdinipun semah kula. Sapunika kula purun asuka sumerep dhumateng para kenya, prayogi sami nedhaa dhumateng tiyang sepuhipun supados dipun sekolahaken. Awit kathah pikolehipun, kula piyambak sampun anglampahi sarta angraosaken. Yen tiyang estri kathah sagedipun tuwin kathah kawruhipun, akiripun bilih sampun gegriya piyambak saged seneng manahipun. Ugeripun para estri ingkang sampun palakrami punika, namung kawan prakawis, :

1. Saged panjaginipun dhumateng gurulaki,
2. saged panjagining pamedalipun,
3. saged panjagining badanipun piyambak,
4. saged panjagining gegriya.

Dene sagedipun nyakup dhateng kawan prakawis wau kedah kerep kekempalan, sarta saged maos serat-serat. Tiyang estri punika saya kathah seserepanipun, saya aji awakipun.

Pigunanipun tiyang estri remen maos punika kathah sanget, :

ingkang sapisan,: Salebaripun nyambut damel boten tansah nganggur, wekta wau kadamela maos serat-serat. Pikolehipun saged jenak sarta jenjern wonten ing griya, limrahipun tiyang menawi kekathahen nganggur lajeng boten kraos wonten griyanipun. Sok ugi boten kraos, amesthi lajeng remen sanja ingkang boten perlu namung andon ginem.

Mangka tiyang gegineman punika bilih ketelasen pasal,

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lajeng ngraosi tangga utawi pitepanganipun. Saweneh wonten ingkang ngraosi semahipun, ingkang makaten wau anuwuhaken pasulayan.

Ingkang kaping kalih, ; Saged mindhak kawruhipun warni-warni, saben serat ingkang dipun waos inggih prasasat gurunipun ingkang nyukani piwulang.

Ingkang kaping tiga,: Saged jembar pemanggihipun, boten cupet ing budi kados dene para bodho. Saben wonten prakawis utawi ruweding manah, saged amikir-mikir kanthi manah panjang. Kados pundi prayoginipun, utawi mupus ngalokro tanpa gadhah rembag.

Ingkang kaping sekawan, :

Saged mangertos utawi kathah rekanipun ingkang kangge nyenengaken manahipun gurulaki. Bilih tiyang jaler punika tansah lega punapa dene seneng manahipun, boten badhe srengen utawi siya-siya dhumateng tiyang estri. Kathah kemawon tiyang estri ingkang bodho, tansah dipun esoraken dening ingkang jaler, dipun apusi. Terkadhang panganggepipun siya, malah saking bodhonipun tiyang estri wonten ingkang dipun gebagi dening semahipun.

Ingkang kaping gangsal, :

Sarehning tiyang estri sampun kathah seserapanipun, dados sedaya damelanipun saged leres. Ingkang makaten wau tiyang jaler gadhah ringga, wekasan angajeni ndhateng tiyang estri.

Ingkang kaping nenem, :

Sarehning sampun sumerep ing petang, dados boten boros panyepengipun arta utawi pamedal sanesipun.

Ingkang kaping pitu,:

Gadhah pemanggih perlu punapa tumbas barang ingkang sakinten saged damel piyambak, awit punika andamel kapitunan sarta boros.

Ingkang kaping wolu,:

Titi surti sarta ngaii-atinipun sangsaya kathah, pikolehipun titi surti ian pangatos-atos wau inggih boten adamel kapitunan sarta boros.

Ingkang kaping sanga, :

Anuwuhaken manah rigen, liripun saged gadhah reka iiigkang

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngedalaken sumbang-surungipun balanja.

Ingkang kaping sadasa,:

Anjalari ingkang jaler boten purun ngangge sakajengipun piyambak, yen gadhah pikajeng kedah sarembag kaliyan tiyang estri. Awit sanajan estri yen sampun kathah seserapanipun, inggih saged tumut animbang sadhengah rembag. Tiyang estri ingkang sok dipun singkur ing rembag dhumateng ingkang jaler punika, jalaran saking bodhonipun. Mila saya dangu ingkang jaler lajeng sawenang-wenang, awit sumerep kabodoanipun ingkang estri.

Sapunikanipun semah kula sampun dados mantri guru, dados sampun kalebet wewicalaning priyantun ingkang dados pangajeng, utawi lelurah. Sanajan makatena taksih marsudi dhateng kula, supados maos serat-serat. Kok inggih wonten kemawon serat ingkang kula kedah kapurih maos, pancenipun kula aras-arasen maos serat-serat wau.

Ananging saking sagedipun anuju wektu, madosi bombonging manah kula. Wekasan kula namung ngestokaken maos serat ingkang dipun sukakaken, dene angsal-angsalanipun maos serat inggih saya kathah seserapanipun. Wusananipun kula saged gadhah pemanggih, yen dados semahipun lelurah punika mindhak kuwajibanipun.

Menggah kuwajibanipun dados semahing lelurah punika,:

Kedah tangkep dhumateng andhahan dalah semahipun, dipun anggepa sadherek enem. Pangrengkuhipun sarta panjaginipun kadamela kados dene emperipun sadherek piyambak. Yen wonten salah satunggiling andhahan ingkang kirang leres patrapipun, kedah mituturi kanthi patrap sae.

Sampun ngantos serik manahipun, saengga dados leresing patrapipun. Bilih wonten andhahan ingkang awon kalakuwanipun, kedah andhadosi amrih saenipun, kajawi punika kedah dados tetuladaning semahipun andhahan. Punapa dene angajengaken dhumateng kautamenipun agesang.

Nalika semah kula taksih dados andhahan, penganggep kula dhumateng lurah tuwin semahipun kados dene dhumateng bapa-biyung utawi sadherek sepuh. Kedah kula bekteni, liripun kedah manut punapa ingkang dados piwulangipun ingkang sae.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kedah kula ajeni, liripun kajawi tatakrama tuwin patrap kula kedah sae boten nerak wewaleripun. Lan malih kula kumawula dhumateng semahipun lelurah.

Wiwit saenggal kula emah-emah, dereng mangertos cara-caranipun gegriya. Dereng mangertos caraning tetanggan, memitran tuwin sanes-sanesipun. Sareng saya lami saya mindhak pangertosan kula. Dene penganggep kula dhumateng tangga tepalih punika, kula upamekaken sedherek, ingkang sepuh kula anggep bapa-biyung utawi sadherek sepuh. Ingkang pemah enem, kula anggep sedherek enem. Sanajan makatena yen wonten rembag utawi ginem saking tangga tepalih, kedah kula rembag malih kanthi manah ingkang bening. Kula boten purun anggega rembagipun tangga ingkang dereng kula wastani prayogi.

Awit ngengeti bilih boten sadaya tiyang asih dhumateng kula, wonten ingkang gething, wonten ingkang tresna. Jalaran saking punika, rem'bagipun tangga tepalih utawi mitra-karuh wau mesthi wonten ingkang sae, wonten ingkang awon.

Ing tembe bilih gegriya piyambak, prayogi ingkang tangkep sarta sumadherek dhumateng tangga-tepalih. Tuwin para mitra-karuh, nanging kedah gandhah manah sujana tuwin pengatos-atos. Saupami boten makatena temtu badhe kalabetan ing ujar sesetanan, inggih punika rembag ingkang saged anggempalaken tata tentremipun tiyang gegriya.

Mangka tiyang gegriya punika manawi kekerepen gempalaken katentremaning griya, boten sakeca gesangipun kekalih. Terkadhang saged darnel bibrahing jejodhoan.

Weling kula dhumateng sedherek kula para kenya, ing tembe bilih sampun palakrama sampun pisan-pisan sami kagungan penggalih butarepan. Punika boten prayogi sanget, awit punika prasasat angirisi penggalihipun piyambak. Bilih kelajeng kagungan penggalih butarepan, temtu badhe risak saliranipun, anggagang aking.

Ingkang makaten wau badhe dipun bongganaken ing akathah. Saking sangetipun anggagas dhateng kakungipun, lajeng dhumawah risak saliranipun, utawi dhumawah ing sakit. Mangka sakit punika boten sakeca raosipun.

Kula sampun kerep kemawon anyipati tiyang estri ingkang watak-

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ipun butarepan, punika badanipun gering kerep prak-prek sakit. Utawi malih kerep paben kaliyan ingkang jaler, Anuju satunggiling dinten wonten randha maradhayoh ing griyanipun, sawangsulipun dhayoh ingkang gadhah griya andadak paben. Jalaran saking butarepanipun, rembag punika kapireng dening bok randha. Wusananipun santun dhadhakan anjalari paben kaliyan bok randha. Saking bentering manahipun bok randha, lajeng ngreka-daya sagedipun angrebut semahing mengsah. Inggih punika tukang butarepan, saking sangeting sedya ngantos kaleksanan.

Yen makaten punika sinten ingkang kapitunan, rak inggih piyambakipun piyambak. Poma-poma sampun sami butarepan.

Rigenipun tiyang emah-emah.

Menggah para wanita ingkang sami dados semahipun tiyang balanian punika, saben-saben temtu nampeni balanja saking ingkang jaler. Saha balanja wau boten ngemungaken kangge tumrap piyambakipun kemawon, ananging ingkang perlu kangge kabetahanipun ing griya. Bilih balanja kathah boten dados punapa, ananging yen amung sakedhik ingkang saestu pakewed anggenipun ngangkah supados tiyang jaler sampun ngantos pados yatra.

Ananging bilih anggenipun nanjakaken kalayan sabar, sarta dipun manah sanajan balanjanipun sakedhik saestu boten badhe ngantos dadosaken kasusahan.

Dene rekadayanipun makaten,:

Ingkang sapisan, kedah amanah perlunipun tiyang gegriya. Ingkang perlu piyambak inggih punika uwos, dados kedah dipun wonten-aken cekapipun sawulan. Kajawi punika ugi kedah amerlokaken kajeng, bumbu-bumbu, sata, rek prayogi tumbas cekapipun sawulan. Lisah patra inggih numbasa babar pisan, anyimpena yatra kantun sawetawis kangge balanja ingkang panci boten kenging katundha. Simpenan yatra punika sampun ngantos dipun ewah-ewah, sadaya perlu kedah katimbang kaliyan balanjanipun ingkang jaler. Dados kirang utawi langkunga sakedhik, bilih wonten yatra langkungan sanajan sakedhika prayogi katanjakna ing pangangge utawi praboting griya.

Manawi kirang cekapipun, kedah dipun kantheni rekadaya sarta kasagedan ingkang kalayan boten nistha. Kadosta sade

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dolanan sesaminipun, pepajenganipun kenging kadarnel wewahing balanja. Bilih yatra langkungan wau anamung sakedhik, boten cekap kadamel pawitan prayogi kawewahan kalayan pawitan rekadaya. Kadosta kilak dagangan, tumut nyadekaken barang-ipun kabekta ing sanes panggenan. Kasade nanging mendheta bathi sakedhik, dados namanipun pajeng.

Menawi gadhah kasagedan kedah nyumerepi watak-watak-ipun tiyang ing mangsa punika, barang warninipun ingkang sawek pajeng, kecegatna ing wektu punika ingkang saestu pepajengan-ipun boten badhe nguciv/ani.

Kasagedan ambathik punika tumrapipun lare estri ing riki perlu sanget kaudi sagedipun, sarta kedah anindakaken sanadyan sadintenipun namung nyerat satengah jam upaminipun. Ananging kedah nglampahi.

Anggenipun tiyang jaler pados tedha kalayan rekaos punika, kedah dipun rencangi. Sampun ngantos angunggul-unggulaken dupeh tiyang jaler sampun gadhah kaya utawi pamedal. lajeng angeca-eca jejungkatan, nginang, pupuran. Amendhet manah-ipun tiyang jaler supados dipun sihi, punika dede pandamelipun bojo ananging pandamelipun tiyang estri ingkang andagangaken badanipun.

Tiyang jaler ingkang dhateng saking nyambut darnel, sanad-yan narimah dipun sadhiyani punapa-punapa ingkang boten timbang kaliyan balanja ingkang dipun tampekaken (Upami tiyang estri petangipun sadinten tampi balanja ing pawon sarupi-yah, wusana yatra wau kangge tumrap perlunipun piyambak ngantos kirang ingkang kangge balanja ing pawon. Mila namung nyadhiyakaken sekul kaliyan jangan kemawon).

Tiyang estri wau pantesipun kedah gadhah isin, dhateng pandamelipun ingkang makaten wau. Tiyang estri ingkang temtu saged anirahaken balanja awit saking reka, watonipun taberi nyambut darnel. Upami ngrajang lombok, isinipun katanem ing pakarangan. Ing tembe wohipun kenging kadamel wewahing bumbu. Bilih makaten punapa tiyang boten badhe nyudakaken balanjanipun, tetedhan ingkang pantes kasimpen. Sarta manawi kenging kadamelan warni sanes, amerlokna ngingah babon awit

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kenging dipun ajeng-ajeng tiganipun.

Ananging anggenipun nanjakaken sampun kasesa, sadangunipun balanja taksih nyekapi sampun ngantos nanjakaken tigan wau. Awit lami-lami saged netes, bilih tumbas dagirig saben-saben angelonga sanadyan namung sakedhik. Perlu kadamel dhendheng, lami-lami tamtu saged anyekapi kadamel sadhiyan kalih tiga utawi kaping pinten ajengan.

Sarana lampall ingkang makaten wau, saestu tiyang estri saged anirahaken balanja kalayan apsah. Sanadyan yatra langkungan wau badile katumbasaken punapa-punapa, boten wonten ingkang ngaru-biru. Anebihna pepenginan ingkang kininten adamel rekaos, bilih tiyang estri adamel makaten ingkang jaler sampun temtu angyektosi. Tisnanipun boten badhe enggal sirna, kajawi kabujeng saking asih sarta amendhet manah sarana dedamel pupur, lisah wangi saha tembung arum.

Sayektosipun boten angemungaken ingkang balanja sakedhik kemawon, ingkang nindakaken makaten, sanajan ingkang ageng balanjanipun ugi kedah ngangge wewarah punika. Ingatasipun tiyang gadhah balanja kathaha sakedhika, kedah saged pamerangipun.

Awit ingkang kathah balanjanipun, pikajengipun inggih kathah. Kabetahanipun utawi rerengganipun punapa malih sesanggenipun ugi kathah, dados saupami boten nindakaken wewarah wau ingkang saestu badhe nemahi kasusahan saking sambutan.

Ananging ingkang makaten punika kathah ingkang boten saged anindakaken, utawi angleksanani. Awit saking godhanipun tiyang jaler, utawi sanes-sanesipun.

Cacading tiyang estri, kadosta, :

1. Saking kirang kasagedan utawi kataberen.
2. Saking watak borosan,
3. Saking siyanipun ingkang jaler.
4. Saking pandamel utawi lepatipun tiyang jaler.

Lepat utawi pandamelipun tiyang jaler wau warm-warm, kadosta:

1. Kirang saged utawi kirang kaleresan pamilihipun badhe semah.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2. Kirang taberi atiggretehi iiyang estri.
3. Saking karoyalanipun piyambak, kadosta royal dhateng estri, main punapa malih madati.

Kirang kasagedan utawi kataberen wau saged sima saking pandhamelipun ingkang jaler, watonipun boten sah amrih wilujeng gesangipun ingkang saestu tiyang estri xniturut.

Waton borosan punika kenging dipun tembungaken, boten kenging dipun sirnakaken. Sirnanipun namung saking reka, tiyang kekalih jaler-estri kapiliha pundi ingkang saged nyepeng yatra, tegesipun ingkang gemi.

Bilih ingkang jaler langkung gemi, boten watak borosan kados ingkang estri yatra balanja wau prayogi kacepenga dening ingkang jaler piyambak. Ingkang estri kapanciya kemawon saben dintenipun, kajawi ingkang sampun katanjakaken ing uwos sesaminipun, ingkang nyekapi kabetaban sawulan. Awit bilih boten mekaten, watak boros wau boten saged ical. Manawi kalih-kalihipun watak borosan sadaya, amitadosa ing waris ingkang saged nyepeng yatra sarta nanjakaken ingkang kaliyan gemi.

Siya, tegesipun adamel sapurun-purun. Boten anganggep semah, boten gadhah wèlas. Punapa malih boten gadhah tresna asih utawi remen, saestu tiyang estri lajeng nglokro boten purun ambudidava wilujengipun jejodhoan.

Kirang saged utawi kirang kaleresan pamilihipun estri ingkang badhe kadamel semah(bojo) punika, boten perlu kula pratelakaken. Awit sampun dados kalimrahanipun tiyang Jawi, amendhet semah punika namung wewaton saking petangan wedalan saha saking sami senengipun. Dados namung wewaton saking warni, boten mawi wewaton saking condhonging manah kados bangsa kulit pethak.

Kirang taberi anggretehi tiyang estri, punika ugi dados kalepatanipun tiyang jaler. Sanajan ingkang jaler wau kawon kasagedanipun, ananging kedah sukaa seserepan utawi pratikel. Awit bilih boten makaten, lami-lami tiyang estri rumaos unggul, kadadosanipun asring kirang prayogi. Awit lajeng angepak dhateng tiyang jaler, satemah adamel sawiyah-wiyah ing tata-tentremipun griya.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kalepatanipun tiyang jaler saking sadaya karoyalan ingkang limrah ambibrahaken utawi anguguraken kautamenipun tiyang estri.

Ingkang saupami tiyang estri sampun kaleresan patraping gegriya, ananging ingkang jaler gadhah pratrap salali satunggiling karoyalan ingkang saestu kautamenipun lajeng ical. Lepata lajeng angembari ambucal yatra sesaminipun, inggih lajeng kendel boten purun angudi amrih wilujengipun tiyang salaki-rabi.

Pangrengkuhipun tiyang sepuh dhateng anak.

Lare-lare punika samirukuna kaliyan kancanipun, langkung malih kaperdiva rukun kaliyan sadherekipun piyambak. Lare ingkang boten rukun kaliyan sadherekipun piyambak wiwit alit mila, ingkang kathah kalajeng-lajeng dumugi sepuhipun. Para lare sampun ngantos wonten ingkang cengkre, manawi wonten ingkang cengkre lajeng kaserepna. Sampun ngantos kakendelaken kemawon, sampun ngantos para lare gadhah rumaos dipun sihi dhateng tiyang sepunipun nglangkungi sadherekipun.

Tiyang sepuh sampun mirengkaken dhateng wewaduling lare, malah yen wonten ingkang wewadul lajeng kasrengenana. Supados sampun ngantos kepatuh karem dhateng wewadulan, para sepuh sarni priksaa bilih piwulang punika saged dados watak. Watak para-wadulan punika kalebet dhateng bebuden awon. Budi makaten menawi dados pakaremaning lare, ing tembe badile remen wewadulan. Para lare wiwit alit mila kapatuhna wicanten ingkang cetha, sarta ingkang patitis sampun ngantos dipun warahi nglemer sarta kesed.

Awit kesed punika anukulaken budi awon, gegolonganipun dolan para lare kedah kaulataken, sampun ngantos dolan anunggil lare urakan. Awit anunggil kaliyan lare makaten punika badhe adamel risaking watakipun lare. Sumerep patrap saha tanduk awon punika, tumrapipun lare langkung gampil anggenipun anglampahi tinimbang sinau pratingkah ingkang sae.

Wiwit alit mila para lare kasumerepna dhateng tatakrama ingkang tumanduk dhateng sadherek tuwin kulawargampun, punapa malih dhateng tamu.

Ingkang perlu tiyang sepuh sampun ngantos suka tuladha awon

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dhateng anakipun, inggih punika ingkang kalair saking pratingkah. Utawi kawedal saking pangucap, para tiyang sepuh ingkang boten ngestokaken wewarah punika ing wingking bokmanawi keduwung arnargi boten keringan. Utawi boten kajen babar pisan, para tiyang sepuh sarni angudiya dhateng anak-anakipun supados sami anetepi wewarahipun sadaya.

Sampun ngantos lare punika ical piandelipun dhateng bapa-biyung, dipun gegulanga bares sabarang pratingkah. Sampun ngantos anak-anakipun kadunungan budi lamis, manawi wonten sulayaning rembag bapa kaliyan biyung, ingkang katemahanipun salaki-rabi cengkrah punika anakipun sampun ngantos sami sumerep. Para lare wiwit alit mila kedah kawulang sampun ngantos gugon-tuhon utawi ajrihan. Bilih wonten tetingaian ingkang nglengkara, panginten anglengkara sarta ingkang anjalari guguon-tuhon wau lajeng kaserepna ingkang dados sebabipun.

Langkung malih pamerdinipun dhateng lare jaler, sampun ngantos kadunungan watak ajrihan. Manawi lare sampun ragi ageng, mangka sampun sekolah, prayogi kasukanana serat waosan ingkang pantes kawaos dhateng para lare. Menggah ingkang kawas tanan pamerdi sae dhateng para lare punika, boten ngemungaken sinau-nyerat sesaminipun. Kedan ugi kakulinakna dhateng tindak-tanduking sesrawungan kaliyan tiyang ingkang sumerep tatakrami. Milanipun para lare kapatuhna wonten pasamuwan ingkang utami, supados saged ngindhakaken seserepanipun tatakrama, p u n a p a ^ * * malih saged sumerep cara-cara ingkang sae.

Pangreh makaten punika tumrapipun dhateng para lare ingkang sampun kenging katata, utawi ingkang sampun anggadhahi dugi-prayogi. Manawi wonten lare sami anganiaya dhateng kewan, punika enggal kapenggaka. Áwit ingkang makaten v/au manawi. kelajeng, badhe gadhah watak tegan. Sarta badhe kalis dhateng prayogining pangudi hambeg prayogi.

Saking kirang pamerdi kathah kemawon lare ingkang kirang taklim dhateng tiyang sepuhipun, bilih tinakenan dhateng tiyang sepuh sengol wangsulanipun. Lare kajagiya boten kenging tumut-tumut ginemananipun tiyang sepuh yen boten tinakenan. Bilih lare tinakenan, kakulinakna kapurih mangsuli ingkang cetha

PNRI bp Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sarta patitis, sampun ngantos semu isin. Punapa malih lingak-linguk ningali ngiwa-nengen, manawi tiyang sepuh pinuju nedha **para** lare boten kenging gadhah panedha, angantosna manaw dipun sukani.

Bilih pinuju dipun sukani, sampun ngantos lengkak-lengkok, jalaran boten doyan. Yen pancen boten doyan, aluwung katampi-ka. Sampun ngantos para lare tuding-tuding utawi ngraosi tetedhan ingkang wonten ngriku. Kakulinakna kendel kemawon, awon sänget manawi lare gadhah watak makaten. Saya saru bilih saweg kaleres wonten tamu.

Weling kula dhateng para wanita kedah sami tulusa angresepa-ken dhateng ingkang jaler, manawi kainan badhe nyudakaken katresnan. Ingkang jaler lajeng sembrana sarta sengit dhateng ingkang estri, kosok wangsulipun inggih boten beda kedah timbang kaliyan sisihanipun. Sampun ngantos weleh-wineleh utawi wada-winada ing katresnanipun. Sami rukun runtut punika ingkang prayogi, awit anuwuhaken sih-sinihanipun salaki-rabi :

Manawi boten makaten, wusana anggenipun katingal tresna namung lamisan kemawon. Mangka atut-runtut punika menggah-ing salaki-rabi dados tetanggelaning katresnan.

Salaki-rabi amesthi temen-temen piandelipun, ananging sanajan makaten tiyang estri sampun pisan-pisan andhedhes barang wadosipun ingkang jaler, anggenipun boten kapasajakaken. Awit liatarik saking perlunipun piyambak, saking setya tuhuning pa-mitran utawi nalar sanesipun.

Tiyang estri sampun ngucap ingkang saru, sanajan ingkang mireng namung ingkang jaler piyambak Kosok wangsulipun inggih mekaten, jaler-estri ing salaki-rabi kedah sami tapsilipun. Punapa dene kedah sarju sami anglawani, sampun angunggul-unggulaken saking nalurinipun salah satunggilipun. Sesampuning dados jodho boten perlu ngetang asal-usul, para estri kedah ngang-kah tulusipun kineringan ingkang jaler, makaten ugi kosok wangsulipun

PERPUSTAKAAM ANAK & REMAJA
PN. BALA1 PUSTAKA

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

